

Jesu muGetsemani

Mateo 26:36-46

Ipapo Jesu akaenda navadzidzi vake kunzvimbo inonzi Getsemani, uye akati kwavari, "Garai pano ini ndichienda apo kundonyengetera." Akatora Petro navanakomana vaZebhedhi vaviri akaenda nayo, uye akatanga kuva neshungu, uye akatambudzika. Ipapo akati kwavari, "Mweya wangu uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa. Garai pano uye murinde pamwe chete neni." Akenda mberi zvishoma, akawira pasi nechiso chake akanyengetera achiti, "Baba vangu, kana zvichibvira mukombe uyu ngaubviswe kwandiri. Asi kweite kuda kwangu asi kuda kwenyu."

Ipapo akadzokera kuvadzidzi vake

akavawana vavata. Akabvunza Petro achiti, "Varume, matadza kurinda neni kweawa

imwe chete?

Ipapo akadzokazve kuvadzidzi akati

kwavari, "Muchakavata uye muchakazorora here? Tarirai, nguva yava pedyo, uye Mwanakomana woMunhu ari kupandukirwa achiiiswa mumako avatadzi. Simukai, ngatichienda! Anondipandukira uya ouya!"

Paakadzoka, akavawanazve vavata nokuti meso avo akanga azere nehope. Saka akavasuya akaendazve uye akanyengetera kechitatu, achitaura zvimwe chetezvo.

Akaendazve kechipiri akanyengetera achiti, "Baba vangu, kana zvisingagoni kuti mukombe uyu ubviswe kwandiri kunze kwokutenge ndaunwa, kuda kwenyu ngakuitwe."

Rindai uye munyengetere kuti murege kupinda mukuedzwa. Mweya unoda, asi muviri wakaneta."

Jesu muGetsemani



"Mweya wangu uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa. Garai pano uye murinde pamwe chete neni." Mateo 26:38

40-59 Jesus Prays

www.GodsPeopleCare.org

Bible Verses are Shona

Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare



“Mweya wangu uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa. Garai pano uye murinde pamwe chete neni.”

MATEO 26:38